



Pou Piblikasyon Imedya: 21/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAND OUVÈTI SAL HUDSON HALL NAN HUDSON OPERA HOUSE ISTORIK LAN (OPERA ISTORIK HUDSON LAN)

Renovasyon Sal Espetak ki pi Ansyen ki rete nan New York yo te Finance Atravè Investisman Eta a, Federal ak Prive yo

W ap Wè Foto yo [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse grand ouvèti Sal Hudson Hall la nan Hudson Opera House Istorik lan nan Konte Columbia, ki se sal espektak ki pi ansyen ki rete nan eta a. Hudson Opera House lan, yo te konstwi l an 1855, te akeyi gran pèfòmè, ekriven ak pèsonaj istorik pandan ane ki pase yo, ki gen ladan Susan B. Anthony ak Theodore Roosevelt.

“Hudson Opera House Istorik lan se yon vrè pyè presye nan rejyon an, ki reprezante yon pyès enpòtan ki rich an istwa ki fè pati istwa vibran New York la,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Pwojè a te restore ak revitalize sal espektak ki pi ansyen nan New York la, k ap prezève karaktè achitekti li yo pandan l ap kreye yon sant kiltirèl pou Vil Hudson lan ak pou vizitè ki soti lwen ak prè yo pou yo vin jwi pandan anpil ane k ap vini ankò.”

Yo te finance pwojè \$8.5 milyon sa a atravè \$1.3 milyon Sibvansyon Kapital Konsèy Devlopman Ekonomik pou Rejyon Kapital la (Capital Region Economic Development Council Capital Grant), yon Sivansyon Restore NY \$1 milyon, yon sibvansyon EPF korespondan a menm valè k ap rantabilize \$800,000 nan sibvansyon ki soti nan Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation); prèske \$100,000 k ap soti nan Konsil Eta New York pou Atizay yo (New York State Council for the Arts); ak \$3 milyon k ap soti nan Pwogram Prè Etablisman Kominote Depatman Agrikòl Etazini an (U.S. Department of Agriculture Community Facilities Loan Program). Rès fon an te sipòte atravè investisman manm Konsèy Adminsitratif Hudson Opera House lan ak patwon prive yo.

Renovasyon k ap fèt anndan yo gen ladan restore sal espektak la pou l vin yon espas ki gen kalite pwofesyonèl apwopriye k ap travay ki gen divès kalite pwogramasyon ak lokasyon. Travay la gen ladan reyamenajman sèn lan, sal espektak ak etaj nan mitan an, ki gen ladan kounye a yon nouvo ekleraj ak kabin sonorizasyon. Yo te restore espas sipò yo, ki gen ladan vestyè yo, yon Sal Resepsyon ak twalèt ki aksesib yo. Yon pati nan pwojè a te gen ladan prezèvasyon karaktè etablisman istorik la, ki gen ladan ak nan

avan sèn lan ak planche an bwa ratise, yo te ajoute nan fen 19èm syèk la yo. Yo te retni estrikti istorik yo tou, avèk nouvo eleman ki enkòpore nan yon fason sansib pou retni karaktè istorik jeneral espas la.

Anplis de sa a, yo te modènize opera pou asire aksesibilite, pwoteksyon ak sekirite pou tout pèsonèl, pèfòmè ak patwon yo. Yon nouvo asansè tou nan kwen sidwès bilding lan rann sal pèfòmans lan aksesib konplètman pou tout moun pou lapremyè fwa nan istwa plis pase 160 ane bilding lan genyen an. Etablisman an te sibi sèvis rediksyon plon ak amyant, ak nouvo pwoteksyon elektrik ak dife epi yo te enstale sistèm jeni klimatik yo. Renovasyon eksteryè yo te gen ladan restorasyon etablisman an wòch, fenèt ak pòt yo. Yo te enstale yon nouvo twati epi yo restore randwi plafon an.

Direktè Egzekitif Sal Hudson Hall la, Gary Schiro te di, “Nou vrèman rekonesan anpil pou lidèchip sipò Eta New York la ak sipò jenere anpil Nouyòkè ki rann moman istorik sa a posib. Aprè 55 ane, nou ap retounen bay piblik la yon espas evènman ki te akeyi pèsonaj atistik ak politik lejandè nan tan pase yo, epi li pral wè kounye a patrimwán li an pwolonje pou anpil tan ankò alavni.”

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te di, “Restorasyon Hudson Opera House lan te transfòme yon bilding ki te vid pou vin tounen yon espas evènman modèn ki pral akeyi oratè ak pèfòmè pandan l ap jenere aktivite ekonomik lokal pou anpil ane k ap vini ankò. Eta New York la te deja sipòte epi li pral kontinye sipòte pwojè ki ap ranfòse rejyon nou an yo lè li rantabilize investisman prive avèk resous piblik nan yon fason estratejik.”

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la, Rose Harvey te di, “Revitalize bilding monimantal sa yo ki gen atravè tout Eta New York la yo ap revitalize ak estimile kominote nou an yo. Hudson Opera House lan raple nou istwa enèjetik ki gen nan istwa nasyon nou an yo epi anbale nou pou nouvo istwa y ap rakonte jodi a yo.”

KoPrezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la yo, James Barba ak James R. Stellar, te di, “Finansman pou Sal Hudson Hall ki nan Hudson Opera House lan pote lavi pou yon pyè presye istorik epi li amelyore karaktè istorik inik ak atistik rejyon nou an. Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la fyè pou l sipòte pwojè sa a, epi nou atann pou n wè kijan l ap kontinye kontribiye nan ekonomi ak kalite lavi nan rejyon nou an.”

Direktè Egzekitif Konsèy Atizay Eta New York la, Mara Manus te di, “Sal Hudson Hall la se yon fa limine kilti rejyon an. Se yon modèl eksepsyonèl prezèvasyon istorik, k ap mentni karaktè li pandan l ap fleri kòm yon destinasyon kontanporè pou atis ak odyans jodi a yo. Sal Hudson Hall la demontre estanda ki pi elve nan reysisit atistik ak angajman kominotè avèk aparans atis pèfòmè, mizik, ak dans ki gen renonmen entènasyonal yo pou moun ki gen tout laj, ansanm ak konferans TEDxHudson yo. Nou felisite pèsonèl ak konsèy administratif lan pou grand ouvèti sa a.”

Senatè Eta New York la, Kathy Marchione te di, “Anons grand ouvèti Sal Hudson Hall jodi a nan Hudson Opera House Istorik lan nan Konte Columbia se yon nouvel mèveye

akeyan pou tout kominote a nèt. Gouvènè Cuomo te kontinye lidèchip ak angajman l pran pou fè investisman estratejik sa yo ap ede amelyore ak anrichi kalite lavi espesyal nou an. Atizay yo enspire, enfòm ak divèti, epi jodi a bòn nouvèl Gouvènè a bay la pral plis montre evidans New York rete yon lidè nasyonal nan sipò pou divètisman atistik ak kiltirèl yo.”

Manm Ansanble Eta New York la, Madam Didi Barrett te di, “Hudson Opera House lan se vrèman yon pyè presye ansanm ak yon motè ekonomik nan rejyon Hudson Valley a. Se yon renesans paske Sal Hudson Hall la siyifi fen yon pwosesis long k ap fèt depi yon deseni pou renove ak restore moniman sa a, ki se sal espektak ki pi ansyen ki rete nan New York. Biwo nou an te rete yon patnè pou eta ak gouvènman federal la pou nou sipòte transfòmasyon sa a epi nou kontan anpil pou nou mete ansanm ak kominote Hudson lan pou n remèsye ak selebre okazyon monimantal sa a.”

Majistra Vil Hudson lan, Tiffany Martin Hamilton te di, “Hudson Opera House lan te yon sant pwogramasyon kiltirèl ak edikasyonèl depi byen lontan epi li te sèvi kòm yon poto mitan revitalizasyon ekonomik Vil Hudson lan. Pwogramasyon li yo ofri yon varyete divès eksperyans pou moun ki gen tout laj nan bilding ikonik sa a ki nan kè sant vil Hudson lan. Nouvo sal pèfòmans yo refè a pral pèmèt Vil la akeyi pwogramasyon premye plan epi l ap plis mete aksan sou angajman Hudson pran anvè atizay yo. Nou fyè de detay atansyon yo te pote nan chak aspè renovasyon ki te fèt yo. Yon entèseksyon pafè ant fonksyon modèn ak sansibilite istorik ki pral rann pwogramasyon estime nan Hudson Opera House lan aksesib pou tou moun.”

Yo te kontrakte konpayi lokal yo pou konplete renovasyon yo ki gen ladan konpayi Preservation Architecture; Consigli Construction, NY; Production & Performance Facility Consulting; Proper & O’Leary Engineering, PC; ak Landmark Consulting.

Enfòmasyon sou Sal Hudson Hall la

Yo te konstwi l an 1855 kòm Lameri Vil Hudson, New York la, bilding lan gen ladan sal espektak ki pi ansyen ki rete nan Eta New York la. Soti nan fondasyon l rive jiska 1962, lè yo te abandone bilding lan, sal espektak la te founi yon espas pou kèk nan evènman kiltirèl, sosyal ak politik makan nan epòk sa a. Anndan la, gran atizan bòs pent lekòl Hudson River School la yo te montre tablo yo te pentire yo, Bret Harte te li poèm li an yo, Ralph Waldo Emerson te bay yon diskou ki titre ‘Objektif Sosyal’ (‘Social Aims’), epi Susan B. Anthony te vizite la pandan de fwa, kote li te bay kou sou abolisyon esklavaj epi li te fè mobilizasyon pou fanm ka vote. Epi an 1914, Teddy Roosevelt te divèti yon foul anndan lè li te rakonte avanti li te viv an Afrik yo.

Jodi a, Sal Hudson Hall la kontinye patrimwán istorik li a, lè l ap pwomouvwa atizay epi ap jwe yon wòl santral nan avansman kiltirèl ak ekonomik rejyon an. Li sèvi plis pase 50,000 moun ak fanmi yo chak ane atravè pèfòmans, ekspozisyon, diskou, ak pwogram pou jèn ak granmoun aje yo, majorite ladan yo selebre istwa, talan lokal ak rejyon an, tout sa yo anndan etablisman nou genyen la kounye a. Vrèman, Sal Hudson Hall la se yon egzantp yon moniman istorik ki selebre yon espri etènèl lokalite nou an pandan l ap sèvi kòm yon resous vital pou kalite lavi kiltirèl ak ekonomik nan rejyon nou an. Vizite www.hudsonhall.org pou w jwenn plis enfòmasyon.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418